



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI ETABLISMAN FABRIKASYON KABI SILISYÒM MODÈN WOLFSPEED LA KI KOUTE 1 MILYA DOLA NAN MOHAWK VALLEY

Pi gwo etablisman fabrikasyon kabi silisyòm nan mond lan pral sipòte kwasans veyikil elektrik, mobil 4G ak 5G, ak mache endistriyèl yo

Nouvo etablisman an se yon etap enpòtan nan ranfòse chèn apwovizyonman Ameriken an pou manifakti ak semi kondiktè avanse

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo ouvèti etablisman fabrikasyon kabi silisyòm Wolfspeed 200mm nan Marcy Nanocenter, ki chita nan kanpis Polytechnic Institute Inivèsite Eta New York la (State University of New York, SUNY) la nan Marcy nan Konte Oneida. Wolfspeed, lidè mondyal nan teknoloji ak pwodiksyon kabi silisyòm, te pran angajman pou kreye plis pase 600 nouvo djòb nan nouvo etablisman an nan premye uit ane operasyon yo. Anplis de sa, konpayi an pral bay estaj ak pozisyon rechèch pou etidyan ki ale nan Inivèsite Eta New York yo, sa k ap ede avanse yon inisyativ devlopman mendèv ki oryante sou fabrikasyon atravè sistèm Inivèsite Eta New York la. Wolfspeed ap travay aktivman ak patnè edikasyon ak biznis yo atravè rejyon an pou etabli yon filyè solid pou pwochen jenerasyon travay wo kalite, teknoloji avanse nan Mohawk Valley yo, ki gen ladan sa yo ki nan manifakti avanse.

"Lè nou koupe riban nan nouvo etablisman fabrikasyon pis sa a, n ap kenbe pwomès pou nou vin eta ki pi pratik pou biznis ak pou travayè nan nasyon an, pandan n ap solidifye New York kòm sant nasyonal pou pwodiksyon semi-kondiktè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplwayè ki nan endistri dènnye kri yo tankou Wolfspeed pral alimante avni New York lè yo pote bon travay ak opòtinite edikatif nan kominote tankou sa a, isit la nan Marcy. Administrasyon mwen an ap retire tout baryè pou pozisyon endistri k ap parèt yo pou yo reyisi nan eta nou an, epi mwen remèsye Wolfspeed pou patenarya piblik-prive sa a."

Direktè Egzekitif Jenera Wolfspeed la, Gregg Lowe, te deklare, "Agrandisman estratejik nou an nan Mohawk Valley se pwochen chapit nan istwa enteresan Wolfspeed la. Bezwen pou kabi silisyòm lan fòm idab pandan n ap dirije nou nan direksyon yon avni teknolojik ki akse sou efikasite ak dirabilite enèjetik. Nou gen anpil

chans pou nou te ateri nan rejyon Mohawk Valley a - yon kote ki rich an talan, dinamis, ak pwomès pou lavni."

Ouvèti etablisman fabrikasyon Wolfspeed nan Mohawk Valley a vin nan yon moman enpòtan kote gen yon mank de semi-kondiktè oswa "pis", ki te vin pi agrave pa pandemi COVID-19 la. Wolfspeed pran angajman pou li tabli yon koridò kabi silisyòm sou kòt lès Etazini, ankre pa fabrikasyon Mohawk Valley ak katye jeneral li yo ak operasyon materyèl yo nan North Carolina.

Fabrikasyon Mohawk Valley a pral ogmante dramatikman kapasite pou biznis Wolfspeed la epi sipòte tranzisyon endistri semi-kondiktè a soti nan silisyòm rive nan kabi silisyòm. Kabi silisyòm pral esansyèl pou machin elektrik yo, enèji renouvlab ak depo enèji, ak avansman aplikasyon endistriyèl yo. Pwojè a se yon egzanp prensipal sou fason New York ka ede konpayi semi-kondiktè tout gwosè, e an patikilye manifaktirè yo, lè li sèvi kòm yon sant prensipal ak katye jeneral Sant Teknoloji Semi-kondiktè Nasyonal (National Semiconductor Technology Center, NSTC). Pandan konstriksyon te sou pye nan Marcy, Wolfspeed te kapab fè patenarya ak NY CREATES pou dirije pwosesis plakèt li yo ak kalifye zouti nan Albany Nanotech Complex (Konplèks Nanoteknoloji nan Albany) anvan yo deplase zouti yo ak ekipman yo nan etablisman ki fèk fini an, sa ki redwi tan soti nan finisyon fabrikasyon rive nan pwodiksyon pis. Gouvènè Hochul te yon gwo defansè pou mete NSTC a nan Albany Nanotech Complex la, ki se etablisman devlopman ak rechèch semi-kondiktè 300 mm, ke sektè piblik la posede, ki pi avanse nan Amerik Dinò ak youn nan sit ki pi avanse nan monn lan

Konsantre sou kominote Mohawk Valley a, Wolfspeed te fòme yon patenarya enpòtan ak SUNY Poly ki pral elaji opòtinite syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik edikatif pou elèv yo. Sa a gen ladan yon pwogram bous 2,000,000 sou 10 ane ak kreyasyon de pozisyon pwofesoral dote gras yon fon 1,500,000 dola sou senk ane, ki te kòmanse nan mwa Out 2020.

Sipò bousdetid la pral ede asire elèv ki soti nan kominote ki istorikman defavorize oswa majinalize yo, ansanm ak moun ki gen gwo bezwen finansye yo, gen plis aksè ak opòtinite edikatif ki pral ekipe yo pou yo briye nan kad mendèv teknoloji avanse demen an. Deja, yo te bay yon total 46,000 dola pou elèv SUNY Poly yo nan kanpis Albany ak Utica li yo ki enterese pouswiv yon karyè nan endistri semi-kondiktè a. Kounye a gen 24 elèv ki se bousye Wolfspeed.

Empire State Development (ESD) te bay jiska 500 milyon dola nan sibvansyon kapital ki baze sou pèfòmans pou yon pòsyon nan depans konstriksyon yo, ekipe nouvo etablisman an ak achte ak enstale ekipman, ansanm ak 1 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior Jobs. SUNY pran angajman tou pou li vèse jiska 5 milyon dola nan finansman rechèch ki asosye avèk semi-kondiktè ke Wolfspeed finanse pou sistèm SUNY an.

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Ouvèti fabrikasyon pis kabi silisyòm

Wolfspeed nan Marcy pral pote transfòmasyon pou alafwa Rejyon Mohawk Valley ak Eta New York. Depi premye jou a, Wolfspeed te mete li an mach, li te fè gwo investisman nan devlopman mendèv, anboche gradye ki soti nan sistèm SUNY an epi li deja rebay nan kominote ke kounye a yo rele lakay yo. Mwen pa ta ka pi fyè de patenarya nou te fòje ansanm, e mwen kontan anpil pou lavni Wolfspeed ak rejyon an, ak etap nou tout te pran pou devlope endistri semi-kondiktè nan Eta New York."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen felisite Wolfspeed pou etap enpòtan sa a epi mwen remèsye konpayi an paske li se yon motè an matyè opòtinite ekonomik pou Mohawk Valley. Depatman Travay (Department of Labor, DOL) fyè pou li kontinye ede Wolfspeed ak bezwen mendèv li yo. Kit se atravè Bank Travay Eta New York (New York State Job Bank) nou an, fwa karyè yo, oswa nenpòt lòt resous nou yo, nou rete angaje pou asire ke biznis yo konekte ak travayè ki gen anpil konpetans atravè Eta New York."

Chanselye Pwovizwa Inivèsite Eta New York la, Deborah F. Stanley, te deklare, "SUNY fyè de wòl nou genyen pou ede dirije inovasyon nan manifakti avanse ak pisans elektwonik, atravè atire pwofesè ki pi bon ak pi briyan yo nan kanpis nou yo, bay opòtinite rechèch pou elèv nou yo, epi devlope ak deplwaye nouvo pwogram devlopman mendèv yo. Kolaborasyon Wolfspeed se yon bèl egzanp, epi li pa t ap posib san lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, SUNY Poly, ak Wolfspeed."

Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare, "Ouvèti Wolfspeed jodi a nan Mohawk Valley se yon egzanp pafè sou fason patenarya piblik-prive New York yo atire investisman yon fason k reyisi, devlope endistri enpòtan yo, epi kreye travay pou Nouyòkè yo. NY CREATES se yon patnè kle nan pwojè istorik sa a epi nou kontan ke pandan Wolfspeed t ap konstwi nouvo fabrikasyon li a, konpayi an te kapab itilize enstalasyon klas mondyal yo nan Albany Nanotech Complex la pou amelyore pwosesis yo epi kalifye zouti yo, akselere tan pwodiksyon an nan Marcy."

Prezidan enterimè Polytechnic Institute Inivèsite Eta New York la, Doktè Tod A. Laursen, te deklare, "SUNY Polytechnic Institute fyè pou li rejwenn Gouvènè Kathy Hochul pou li felisite Wolfspeed pandan y ap koupe riban nan Fabrikasyon Mohawk Valley (Mohawk Valley Fab) modèn pa yo a. Sit sa a kounye a vrèman pwometè pou rejyon nou an, Eta New York, epi sitou gradye nou yo ki byen prepare pou kalite karyè avanse ki pral disponib. Mwen rekonesan pou patenarya nou ak Wolfspeed, ki ap alimante pwogram sibile, ki santre sou semi-kondiktè epi ki bay nouvo ekipmanteknoloji avanse nan SUNY Poly atravè 250,000 Wolfspeed Curriculum Gift (Kado nan kad Pwogram Wolfspeed) la; ankouraje elèv ki tradisyonèlman defavorize yo atravè opòtinite bousdetid nan pwogram bousdetid 2,000,000 Wolfspeed la pandan dizan; epi bay 1,500,000 dola nan finansman pou etabli pozisyon pwofesoral ki dote Doktè John Edmond ak Doktè John Palmour SUNY Polytechnic Institute; tout sa yo soutni ekspansyon kontinyèl syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik opòtinite pou elèv nan SUNY Poly yo."

Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare, "Ouvèti Wolfspeed nan Marcy Nanocenter nan kanpis SUNY Polytechnic Institute nan Marcy se rezilta yon vizyon ki ap panse pou lavni ak rezilta gwo travay di yon kantite ofisyèl lokal ak òganizasyon devlopman ekonomik yo. Wolfspeed pral amelyore ak ranfòse kominote yo epi kontribiye nan kwasans ekonomik ak vitalite alavni nan Mohawk Valley ak nan pati Nò New York."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon, te deklare, "Mwen te kontan asiste gran ouvèti Fabrikasyon Mohawk Valley Wolfspeed la nan Marcy. Teknoloji ap avanse byen vit, epi pis òdinatè yo se yon eleman esansyèl pou anpil pwodwi endistriyèl ak konsomasyon. Mwen fyè dèske enstalasyon fabrikasyon dènye kri sa a ap ouvri nan rejyon nou an. Li enteresan pou nou wè yon izin nan kominote nou an k ap pwodui pwochèn jenerasyon pwodwi kabi silisyòm. Mohawk Valley ofri resous fòmidad pou manifakti avanse ak jèn syantifik ak enjenyè k ap fòme tou pre nan SUNY Poly ak rechèch avanse k ap fèt nan Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn Etazini (US Air Force Research Laboratory) nan lavil Wòm, kominote sa a reprezante yon ekosistèm ideyal pou manifakti teknoloji avanse. Mwen pa tann pwochen devlopman yo nan domèn sa a."

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr, te deklare, "Ouvèti Wolfspeed jodi a se akimilasyon 20 ane travay di ak detèminasyon. Mèsi a Gregg Lowe ak ekip li a paske yo se patnè ki vrèman enkwayab. Depi premye jou a, nou te konnen se te vrè match la. Wolfspeed se yon lidè nan pèmèt youn nan teknoloji ki pi rapid ak enpòtan yo — veyikil elektrik — epi kounye a, Konte Oneida ak rejyon an se sant endistri transfòmasyon sa a. Pou Konte Oneida, sa se twòkèt la, chay la dèyè."

Majistra Utica a Robert Palmieri te deklare, "Ouvèti Wolfspeed la se yon prèv ke lè nou tout travay ansanm gwo bagay ka rive nan rejyon Greater Utica a. Wolfspeed se yon katalizè ki pral chanje peyizaj vil, konte ak eta nou an. Li se yon endikasyon tou sou chemen nou deja pase ak ki kantite ki rete pou nou fè pou lavni rejyon nou an. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò solid li nan reyalize pwojè sa a epi mwen espere travay avèk li pou konstwi yon avni ke Marcy Nanocenter a te ede rann posib."

Majistra Vil Rome lan Jacqueline M. Izzo, te deklare "Mohawk Valley te ranpòte yon tou viktwa byen merite jodi a pandan nou te akeyi Wolfspeed ofisyèlman nan kominote nou an. Apre plizyè deseni preparasyon sit ak maketing mondyal pou pozisyon rejyon nou an kòm yon lidè nan pwochen jenerasyon devlopman pis, Wolfspeed pral vin etablisman ankraj k ap etabli Mohawk Valley kòm yon lidè nan fabrikasyon plakèt avanse ki gen kabi silisyòm. Konpayi an te deja fè yon investisman nan bous detid ak devlopman filyè mendèv nan SUNY Poly ak MVCC, ki pral mennen nan opòtinite travay teknoloji avanse nan nouvo Fabrikasyon Mohawk Valley a. Sa pa t ap posib san sipò Gouvènè Hochul, Empire State Development, EDGE ak ofisyèl eli lokal ak eta nou yo ke yo tout ap travay ansanm pou pèmèt kwasans kontinyèl koridò teknoloji avanse Mohawk Valley a pandan plizyè deseni k ap vini yo epi ranfòse kapasite zòn nou an pou atire sa ki pi bon ak pi briyan nan nouvo ak teknoloji emèjan sa yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Mohawk Valley EDGE, Steven DiMeo, te deklare, "Eta New York ak patnè lokal nou yo nan gouvènman an te pran angajman fèm pandan dènye deseni an pou ranfòse pozisyon pati Nò a kòm lidè nan rechèch ak fabwikasyon semi-kondiktè ak investisman nan Marcy Nanocenter ak koridò inovasyon I-90 la. Investisman sa yo pou kreye yon sit ki vrèman pare pou konstriksyon, ansanm ak yon patnè solid nan SUNY Polytechnic Institute ak Mohawk Valley Community College, te kreye yon anviwonman ki te enpòtan pou asire Wolfsped kòm lokatè ankraj nan Marcy Nanocenter. Nou vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development pou sipò yo nan avanse plan pou konstwi semi-kondiktè I-90 la ak koridò elektwonik avanse ki konekte Rejyon Kapital la ak Utica-Rome ak Syracuse MSA, ki pral benefisye ak pasaj lejislasyon federal ki annatant lan pou sipòte sektè semi-kondiktè ak elektwonik avanse a."

Depi nan kòmansman administrasyon li a, Gouvènè Hochul te mete aksan sou enpòtans pou asire wòl Eta New York nan devlope yon ekosistèm solid nan manifakti avanse, epi kòm yon pati nan kad bidjè eta ane sa a, Eta New York pral angaje jiska 200 milyon dola ki disponib pou pwogram Atraksyon Sible nan kad Teren ki Pare pou Travay nan New York. FAST NY fèt pou relanse preparasyon New York pou atire manifakti teknoloji avanse, sitou fabrikasyon semi-kondiktè yo, nan eta a.

Anplis de sa, Gouvènèa deja angaje plis pase 350 milyon dola atravè Bidjè Eta pou sipòte yon gwo investisman istorik ak kowòdone nan devlopman mendèv atravè ajans ak otorite eta yo. Biwo pou Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la nan ESD pral pwofite relasyon ESD ak anplwayè yo pou ede idantifye bezwen anplwayè yo, devlope estrateji fòmasyon rejyonal ki adapte, ak pwogram sipò pou fòmè Nouyòkè yo nan konpetans ki nesèsè pou yo reyisi nan domèn ye egzije yo, tankou semi-kondiktè ak manifakti avanse.

Biwo a pral travay ansanm ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) yo Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la, State University of New York (SUNY) ak City University of New York (CUNY), ak lòt patnè yo pou asire fòmasyon kowòdone ak estrateji mendèv. Biwo pou Devlopman Mendèv Estratejik la pral administre sibvansyon ak kapital fleksib ki pral sipòte efò fòmasyon konpetans modèn yo atravè rejyon Eta New York yo.

###